

BAB III METODE PANALUNGTIKAN


Ieu panalungtikan ngagunakeun métode deskriptif analitis. Panalungtikan déskriptif nya éta panalungtikan anu dimaksudkeun pikeun maluruh kaayaan, hiji kondisi, atawa hal séjén (Arikunto, 2013 kc.3). Ieu métode digunakeun pikeun ngadéskripsikeun fakta-fakta nu aya dina éta novél tuluy dianalis datana ngeunaan unsur strukturalna, aspék ékologi jeung sikep tokoh katut lingkunganna pikeun dijadikeun bahan diajar maca novel di SMP.

3.1 Desain Panalungtikan

Desain panalungtikan nyaéta rarancang kagiatan nu rék dilakukeun ku panalungtik pikeun ngagambarkeun léngkah-léngkah dina panalungtikan, ti mimiti ngaidéntifikasi masalah nepi ka jadi hasil panalungtikan.

Desain dina ieu panalungtikan saperti di handap.

***Bagan 3.1
Desain Panalungtikan***



3.2 Data jeung Sumber Data

Sumber data ieu panalungtikan nya éta novél *Nu Ngageugeuh Legok Kiara* karya Dadan Sutisna pedalan PT. Kiblat Buku Utama. Anapon data dina ieu panalungtikan nya éta unsur intrinsik novél nu ngawengku tema, fakta carita (alur, palaku jeung watek, latar), jeung sarana sastra (judul, tilikan pangarang, jeung gaya basa). Salian ti éta ogé aya kajian ékokritik kana novél *Nu Ngageugeuh Legok Kiara*.

3.2.1 Idéntitas Novel

Judul : Nu Ngageugeuh Legok Kiara
 Pangarang : Dadan Sutisna
 Medal : Citakan ka-3 taun 2007
 Pamedal : PT. Kiblat Buku Utama
 Kandel Buku : 51 kaca
 Warna Jilid : Bodas

Gambar 3.1
Cover Buku Novel



3.2.2 Biografi Singget Pangarang

Dadan Sutisna lahir di Sumedang, 22 Pébruari 1978. Dadan téh salah saurang pangarang ngora Sunda poténsial. Sanajan minat nu panggedéna mah dina kurung-karang, tapi sok pirajeunan uprak-oprék kana program komputer jeung internét deuih. Désain internétna nu munggaran dina wanda animasi, *Longsér: A Sundanese Folk Theatre*, kapilih jadi finalis dina *Adikarya Désain Indonésia 2003*.

Ilham Akbar Ghifari, 2020

NOVEL NU NGAGEUGEUH LEGOK KIARA KARYA DADAN SUTISNA PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA NOVEL DI KELAS IX SMP (ULIKAN STRUKTURAL JEUNG ÉKOKRITIK)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Mimiti ngarang ti keur SMP kénéh, dimuat dina kalawarta *Kudjang*. Réréana mah nulis carpon, tapi kungsi deuih nulis novel, *feature*, jeung artikel, kungsi dimuat dina *Manglé*, *Galura*, *Pikiran Rakyat*, jeung *Republika*.

Dadan Sutisna remen dilélér hadiah pikeun karya-karyana. Taun 1997, basa keur sakola kénéh di SMU, carponna jadi Pinunjul Harepan Pasanggih Carpon D.K Ardiwinata. Kungsi deuih jadi Juara Pertama Lomba Cerita Rakyat Jabar taun 2000, Hadiah Sastra LBSS 2003 jeung Hadiah Jurnalistik Muh. Koerdi 2003, babarengan jeung Énsa Wiarna. Sawatara carponna kungsi dilélér *Carpon Pinilih* Majalah *Manglé*.

3.3 Téhnik Panalungtikan

3.3.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data magrupa léngkah nu leuwih stratégis dina panalungtikan, ku sabab tujuanna pikeun nyangking data. Téhnik ngumpulkeun data nyaéta cara nu dipaké panalungtik pikeun ngumpulkeun data dina panalungtikanna (Arikunto, 2010, kc. 136).

Téhnik dina ieu panalungtikan ngagunakeun téhnik studi pustaka. Studi Pustaka nyaéta metode ngumpulkeun data ku cara neangan informasi dina buku, koran, majalah, jeung literatur séjénna nu tujuanna pikeun ngawangun hiji landasan tiori (Arikunto, 2010). Ieu téhnik dipaké nalika ngumpulkeun data pikeun nganalisis data sarta neangan sumber tiori nu ngarojong kana ieu panalungtikan. Anapaon léngkah dina ngumpulkeun datana, di antarana:

- a. Nangtukeun sumber data, novel *Nu Ngageugeuh Legok Kiara* karya Dadan Sutisna.
- b. Maca sagemblengna novel *Nu Ngageugeuh Legok Kiara* karya Dadan Sutisna.
- c. Maca buku-buku nu patalina jeung strukturalisme, ékokritik, jeung bahan pangajaran.

3.3.2 Téhnik Ngolah Data

Sakabéh data hasil panalungtikan dikumpulkeun, tahapan saterusna nyaéta nganalisis atawa ngolah data. Sacara umum analisis data ngawengku tilu hal, nya éta tatahar, tabulasi, jeung ngamangpaatkeun data luyu jeung pamarekan nu dipaké

Ilham Akbar Ghifari, 2020

NOVEL NU NGAGEUGEUH LEGOK KIARA KARYA DADAN SUTISNA PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA NOVEL DI KELAS IX SMP (ULIKAN STRUKTURAL JEUNG ÉKOKRITIK)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

(Arikunto, 2010, kc. 278). Tatahar mangrupa prosés nu mimiti dilakonan. Tabulasi nya éta prosés ngahijikeun sakabeh data nu geus kapaluruh. Data nu geus ditabulasi tuluy diolah dumasar pamarekan panalungtikan nya éta structural, ékokritik, bahan pangajaran.

1) Téhnik Analisis Struktural

Dina nganalisis data, kagiatan nu munggaran nyaéta nganalisis struktur novel *Nu Ngageugeuh Legok Kiara* karya Dadan Sutisna ngagunakeun tiori Robert Stanton. Anapon nu dianalisisna di antarana:

- a. Téma carita;
- b. Fakta carita nu ngawengku latar, galur, palaku jeung watek palaku; jeung
- c. Sarana sastra nu ngawengku judul, puseur implengan jeung gaya (*style*).

2) Téhnik Analisis Ékokritik

Aya tilu hal anu dianalisis patali jeung kajian ékokritik dina novel *Nu Ngageugeuh Legok Kiara* karya Dadan Sutisna di antarana:

- a. Kritik ékologi;
- b. Patalina tokoh jeung lingkungan; jeung
- c. Patalina latar jeung lingkungan (latar ékologi).

3) Téhnik Analisis Bahan Pangajaran

Sabada analisis struktural jeung ékokritik, kagiatan nu pamungkas dina ieu panalungtikan nya éta analisis bahan pangajaran maca novel pikeun murid kelas IX SMP. Anapon léngkah-léngkah dina nganalisis data, di antarana:

- 1) ngadéskripsikeun eusi novel *Nu Ngageugeuh Legok Kiara*, dina wangun ringkesan carita. Dina tahap déskriptif nyaéta sakabéh data nu geus kakumpul dipatalikeun jeung masalah nu rék ditalungtik;
- 2) nyieun klasifikasi data nu geus didéskripsikeun luyu jeung masalah séwang-séwangan. Sabada novel ditulis sinopsisna, diklasifikasikeun dumasar unsur caritana (téma, alur, palaku jeung watek, judul, tilikan pangarang, jeung gaya basa) anu éngkena baris dianalisis;
- 3) ngayakeun analisa kana data anu geus dikalsifikasi dumasar kelompokna séwang-séwangan dumasar tiori anu luyu jeung

panalungtikan. Dina ieu panalungtikan leuwih nyoko kana unsur palaku jeung latar anu jadi dadasar atawa bahan pikeun analisis ékokritik;

- 4) napsirkeun hasil analisis data pikeun ngahontal tujuan panalungtikan;
- 5) ngecék ulang kana hasil analisis data pikeun ngamutolaah pangbenerna nepi ka bisa méré hasil anu hadé tur bisa dipertanggungjawabkeun.

3.4 Instrumén Panalungtikan

Instrumen panalungtikan nyaéta alat bantu nu dipilih jeung dipaké ku panalungtik dina kagiatan ngumpulkeun data sangkan sistematis jeung gampang (Arikunto, 2010, kc. 265).

3.4.1 Instrumén Panalungtikan Ngumpulkeun Data

Instrumén panalungtikan nu digunakeun dina téhnik ngumpulkeun data nyaéta instrumén tabél céklis buku sumber. Buku-buku sumber nu ngarojong kana ieu panalungtikan baris didata heula. Sabada didata, tuluy buku téh dibaca bari dipilih, buku mana nu saluyu sarta bakal digunakeun dina panalungtikan. Buku nu kapilih tuluy dicéklis dina tabél di handap.

Tabél 3.1

Tabél Céklis Buku Sumber

No.	Identitas Buku	Kategori Buku
1.	Judul :	1. Sastra
	Panulis :	2. Bahasa
	Taun medal :	3. Strukturalisme
	Pamedal :	4. Novel
		5. Ékokritik
		6. Pangajaran
		7. Metode Panalungtikan

Tabél 3.2
Kartu Data Téma

Kodé Data	:
Téma	:
Cutatan	:

Tabél 3.3
Kartu Data Fakta Carita (Galur, Palaku, Watek, jeung Latar)

Kodé Data	:
Fakta Carita	:
Cutatan	:

Tabél 3.4
Kartu Data Sarana Sastra (Judul, Sudut Pandang, Gaya Basa)

Kodé Data	:
Sarana Sastra	:
Cutatan	:

Tabél 3.5
Kartu Data Ékokritik

Kodé Data	:
Ékokritik	:
Cutatan	:

3.4.2 Instrumén Panalungtikan Ngolah Data

Instrumén panalungtikan anu digunakeun dina téhnik ngolah data, nyaéta kartu data. Kartu data mangrupa instrumén nu dipaké pikeun ngébréhkeun data dina

wangun cutatan-cutatan carita nu aya dina novel *Nu Ngageugeuh Legok Kiara* karya Dadan Sutisna. Ieu di handap mangrupa gambaran kartu data nu digunakeun.

Tabél 3.6

Kartu Data Analisis Téma

Kodé Data	:
Téma	:
Cutatan	:
Analisis	:

Tabél 3.7

Kartu Data Analisis Fakta Carita (Galur, Palaku, Watek, jeung Latar)

Kodé Data	:
Fakta Carita	:
Cutatan	:
Analisis	:

Tabél 3.8

Kartu Data Analisis Sarana Sastra (Judul, Sudut Pandang, Gaya Basa)

Kodé Data	:
Sarana Sastra	:
Cutatan	:
Analisis	:

Tabél 3.9
Kartu Data Analisis Ékokritik

Kodé Data	:	
Ékokritik	:	
Cutatan	:	
Analisis	:	

Tabél 3.10
Kritéria Milih Bahan Ajar

No	Kritéria Milih Bahan Ajar	Nyumponan	Teu Nyumponan
1	Tujuan nu hayang dihontal		
2	Dianggap mibanda ajén pikeun kahirupan manusa		
3	Dianggap mibanda ajén minangka warisan ti entragan saméméhna		
4	Aya gunana pikeun ngawasa hiji paélmuan		
5	Luyu jeung kabutuh katut minat siswa		